26 A

Prijs franco per post f 0.20
...gaven door bemiddeling der Commissie voor
de Volkslectuur No. 26a.

808
Par
c

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

TJARITA ROEPA-ROEPA

KARANGANANA

M. PARTADIREDJA,
MANTRI GOEROE BASA SOENDA DI SAKOLA MENAK BANDOENG.

DJILID II.

PNRI Balai Pustaka

Dipiwarang ditjitak koe Kangdjëng Goepër-
nëmeh di kantor tjitak Batawi
1911.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka



Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor
de Volkslectuur No. 26a.

PERPUSTAKAAN MASJARAKAT

TJARITA ROEPA-ROEPA

KARANGANANA

M. PARTADIREDJA,
MANTRI GOEROE BASA SOENDA DI SAKOLA MENAK BANDOENG.

DJILID II.

Dipiwarang ditjitak koe Kangdjëng Goepër-
nëmen di kantor tjitak Batawi
1911.

PNRI

KEUR VAN VERHALEN IN HET SOENDANEESCH

DOOR

M. PARTADIREDJA.

ONDERWIJZER IN DE SOENDANEESCHE TAAL A/D OPLEIDINGSSCHOOL VOOR INLANDSCHE AMBTENAREN TE BANDOENG.

F
Par
t

DEEL II.

BATAVIA
LANDSDRUKKERIJ
1911.

PNRI

C4 II 315/68

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

I.

ANOE HADE KA INDOENG.

Aja hidji nagara sisi laoet, palataranana rata djeung negla, matak bĕtah noe ngoembara; gĕdong-gĕdong djeung toko-toko katendjo ti kadjaoehan, marakbak moetoeh matak kĕlar toekang lajar.

Nagara leutik tapi gĕgĕk loba djĕlĕmana, sapoë[2] euweuh pĕtotna di djalan noe balawiri, priboemi djeung semah pagaliwota, noe pĕlĕsir, noe balandja, sagala roepa.

Dina hidji mangsa panonpoë ĕnggeus soeroep, djĕlĕma-djĕlĕma loba noe geus ngarampih, ngan kari hidji doewa bae noe djalan-djalan, ngangin ngarah tiïs; waroeng[2] loba noe geus noetoep, goeroeh djĕlĕma kaganti koe sora lambak meupeus tingdjalĕgoer di basisir. Aja hidji awewe geus kolot leumpang sĕmoe lĕsoe diïring-keun koe lalaki ngora, ngadjingdjing boentĕlan gĕde, papakeanana baroeroek. Leumpangna kĕndor pisan, kawas tjape oeroet djaoeh, sangkoelah-sengkeloh ripoeheun teu manggih pikeun eureun, toeroeg-toeroeg geus poëk tatjan aja pamondokan. Ngaromong bae bari sĕmoe nalangsa:

„Koemaha atoeh agoes, di mana oerang teh nja ngarĕrĕb?"

„Doeka ĕma, soegan di dinja, di hareup aja waroeng pamondokan".

„Geuning itoe aja imah moeka keneh!"

„Hih, eta mah waroeng tjina, moal ĕnja beunang dipeutingan".

„Koemaha atoeh, da ĕma mah geus mopo. Soegan eta bae imah noe geus meundeut, kĕtrokan; tanjakeun soegan meunang mondok!"

Ari boedak boedjang teja mah djagdjag keneh, ngaranna Walid, teuing koe ngawoela ka indoeng teh; toeloej ngětrokan kana tingkěban noe geus meundeut. Gantjangna noe boga imah ti djěro nanja:

„Saha eta?"

Walon ki Walid: „Koering, ti noe djaoeh! manawi idin něda ngarěrěb, katanggoengan lakoe, di dijeu teu aja katěrang!"

Djawab noe boga imah: „Di dijeu mah tara mondokkeun semah!"

Tjarekna kitoe teh, geus bae, teu koemaonam deui, soegan němpo atawa naon, hěnteu.

Ki Walid teu hasil maksoedna, toeloej njampeurkeun ka ěmana, bebedja jen kitoe. Ěmana ngalimba bawaning nalangsa djeung ngarasakeun geus ripoeh leumpang, soesah di mana nja mondok; toeloej madjoe.

Ki Walid ngahělas katjida nendjo indoengna sakitoe tjapeěunana; ari keur dirina mah teu sabaraha dipikirna. Pek deui ngětrokan waroeng sedjen. Tapi nja kitoe deui bae.

Beuki lila beuki poěk, lampahna kěbat bae leumpang, neangan pamondokan; tapi ma'loem, beuki peuting beuki hese. Ti dinja beh manggih waroeng tjaneut, moeka keneh, loba djělěma noe keur ngaropi; boes Walid asoep djeung ěmana; boentělanana ditinggangkeun, bari pok ngomong:

„Maäp bae noen, koering miloe rěrěb!"

Djělěma noe araja haroökeun, tina kakara nendjo noe kitoe pětana.

Tjeuk noe boga waroeng: „Rampes! Noe ti mana andjeun teh?"

Djawab ki Walid: „Beu, ari lěmboer mah djaoeh, koering teh katanggoengan lakoe, kapalang lampah, boeriteun; di dijeu teu aja kanjaho; manawi aja loentoer manah, něda ngarěrěb bae sawěngi, hawatos koe ěma ijeu geus mopo".

Noe boga waroeng nendjo awewe teja karoenjaeun,

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

gantjang njanggoepan, pokna: „Nja teu naon[2], di dijeu bae, tapi koedoe wajahna, da tĕmpat ngan sakijeu sipatna, djeung koedoe kĕrsa ngagoler, teu aja kasoer! Eta bae oelah datangka sare di sisi djalan teuing".

Djawab ki Walid: „Bo! teu sawios; koering mah soepaja diïdinan bae, geus pirang[2] noehoen; ari koe ngagoler-goler teja onaman, di imah oge teu aja kagadoeh".

„Soekoer atoeh, hiap ka dijeu ĕma! Eta teh toeang iboe?"

„Soemoehoen, poen indoeng. Eta teh tara toetoer leumpang, ari pek ajeuna kateuhak. Ti imah mah geus meunang doewa poĕ, estoe nikreuh bae, noemawi ripoeh".

„Amboe[2], karoenja. Pangninjoehkeun lĕboe, geura, heug baloerkeun kana soekoe!" Bari ngomong kitoe teh toekang waroeng rada mĕlĕng bae ka Walid, nendjo panon hiroep, seukeut, beungeut bĕrĕsih sarta parangi manis, kawas toeroenan djĕlĕma hade, katoeroeg-toeroeg pokpokan djeung pĕta handap-asor.

Ari eta toekang waroeng djĕlĕma bageur, daek toetoeloeng, hade boedi hade basa, dipikarĕsĕp koe oenggal djĕlĕma, djeung ijeu[2] wawoeh, noematak ngimpoeng[2] bae di waroengna teh; ari ngaranna ki Samin.

Sanggeus aso sarta salse dahar-leueut, pok ditanja koe noe boga waroeng teh.

„Ari ĕnja-ĕnjana agoes teh noe ti mana, maksoed rek ka mana?"

Walon Walid:

„Koering teh dipariksa lĕmboer mah djaoeh, di goenoeng. Awitna poen bapa maot, poen biang hoeal-hioel teu kantĕnan bae, satĕngah kaedanan koe poen bapa. Gagadoehan didjoewalan, dipake barangtĕda. Ti dinja poen biang ngadjak ka saderekna, tjariosna di dijeu, tapi teu tĕrang lĕbah mana, rehna koering kakara pisan ka dijeu, soemawonna ĕma; nanjakeun di topngtoeng djajeuh, wĕleh teu aja noe nĕrangkeun".

„Na saha saderekna toeang iboe teh?"

„Ari kakasihna mah Doelah, di dijeuna tjariosna dagang, moeka toko".

„Oh, soegan Doelah noe kapoengkoer moeka toko di deukeut pasar. Lian ti eta euweuh deui noe ngaran Doelah ngawaroeng toko".

„Manawi nja eta!" njĕboetna kitoe bari beureum beungeutna, sĕmoe atoh. „Di mana?"

„Hih, agoes, teu aja di dijeu ajeuna mah, geus bareto teh lajar ka Djawa. Tokona, barang-barangna kabeh didjoewal".

„Di mana ari Djawa?"

„Wah, oedjang, doeka di mana, ĕmang mah ngan ngadenge-denge kitoe bae ti noe mĕntas lajar, lĕbah-lĕbahna mah teu njaho".

Ĕmana ngadenge omong toekang waroeng kitoe, tjeurik, tina bingoeng pilampaheun. Ari ti lĕmboerna euweuh deui noe diboeroe-boeroe ngan eta, doeloerna saloehoereun, noe sakira beunang disiroeroekan; ari ajeuna eta euweuh; hanas imah-tangga didjoewalan, tina teu niat balik deui, rek toeloej tjitjing di doeloer teja tadina mah.

Ki Walid ngĕrik pikirna nendjo indoengna tjeurik djeung mikir pilampaheun, baris njĕnangkeun indoengna. Pok ngomong ka toekang waroeng:

„Jaktosna mah, mang, koering teh ti imah djeung ijeu ĕma, ngan eta pisan noe diboedjĕng-boedjĕng teh, poen paman; rehna poen bapa geus teu aja, rek toeloej noetoerkeun bae, noeroet hiroep. Ari ajeuna saoer ĕmang geus teu aja di dijeu; koering teh bingoeng, koemaha nja pilampaheun; balik deui taja pĕtana, da roemah-tangga geus teu boga. Ari keur sakoeringeun mah teu dipikir, da lalaki, tjeuk wiwilangan koela-koeli oge meureun bisa; orokaja ijeu poen biang, nja kolot, njasat geus teu bisa walakaja, boro[2] oesaha, mawa salirana koe andjĕun oge geus ripoeh".

Ki Samin watireun ngadenge tjarita Walid sarta nendjo indoengna moeroeboet bae tjipanonna, sapoeta-

nganana moenggah tjiproek. Djol pikirna hajang ngalĕlĕdjar noe keur prihatin, omongna:

„Eta mah oedjang, ĕntong dipake leutik hate, da pangeran mah sipat moerah; oerang sateka-teka bae, oesaha di dijeu, sageuj euweuh rĕdjĕki; ongkoh geuning saoer sĕpoeh. „Samangsa hiroep tangtoe djeung rĕdjĕkina". Oelah poetoes pangharĕpan; andjeun teh ngora keneh, tanaga tangtoe gĕde keur makĕlatkeun indoeng. Keun koe ĕmang dipĕtakeun, asal daek bae".

„Bo, koering mah geus koemaha bae, pikeun ngabelaän indoeng, wiwilanganana njoehoen-nanggoeng baris makajakeun indoeng, soeka lilah pisan, ngan ijeu bae koe teu aja kawawoeh".

„Koemaha boga pimodaleun?"

„Anoemawi, teu aja. Nja poen biang manawi gadoeheun oge sadoewit-doewiteun, sesa bĕkĕl di djalan, namoeng taja pĕtana kenging dianggo modal".

„Geus diadjar digawe naon di lĕmboer?"

„Ari kana gawe badag mah, nja sok sagawe-gawe piwarangan kolot bae, noe teu bisa sok nanja. Di dijeu oge lamoen koering meunang pagawean teh rek noengtoet diadjar bae".

„Enja, nja kitoe".

„Naha naon padamĕlan toeang rama teh?"

„Teu gadoeheun daměl noe tangtoe, ngan sok radjeun mapatahan ngadji ka baroedak".

„Atoeh meureun agoes bisa noelis!"

„Nja saeutik-eutikeun mah tijasa oge".

„Koemaha lamoen djadi djoeroetoelis di toko, sanggoep?"

„Doeka teuing, nja bade diadjar bae, soegan bisa".

„Hĕng, ajeuna mah geura sarare bae, tjape ongkoh oeroet tadi leumpang; isoekan badami deui".

Geus kitoe soep noe boga waroeng teh ngampih. Ki Walid djeung indoengna hareës dianggĕl koe boentĕlan; talibra pisan nĕpi ka isoek.

II.

Katjaritakeun di eta nagara aja hidji soedagar beunghar teu kira-kira; imahna gĕdong, pakaranganana lĕga, sakoerilingna dikoeta loehoer; pirang-pirang rahajatna noe maratoeh di dinja sarta dirahab sandang-panganna. Ari gawena ngan ngoeroes pakoewon djeung ngadjaga titahan doenoenganana bae; kabeh haridĕng, salingĕr, tina geus bariasa, pada boga gawe bakoe djeung kabeuli hatena. Nja mandorna noe poerah niten djeung ngokolotan.

Gĕdongna gĕde djeung aloes, loehoer, di hareupna make mondopo, agreng koe parabot korsi medja lalamoeir kawantoe dikosok oenggal isoek; doewa djĕlĕma noe poerah ngadjaga parabot imah woengkoel. Ari dasarna dioebin koe marmĕr, moenggah laloetjir bawaning bĕrĕsih; dina saban-saban lĕbah medja diamparan pramedani aloes; manis pisan medja marmĕr nintjak kana poelas woengoe dikĕmbang-kĕmbang koe hedjo ngora tjampoer gading; noempang deui kana oebin marmĕr. Ti loehoerna lampoe tjabang, lampoe sewoe, bola-bolana ngagonjok; ana dina waktoena diseungeut teh tjahajana keuna kana tembok bodas, mabra njaangan parabot noe sakitoe harerangna, matak bĕtah, matak rĕsĕp, matak garĕnah pipikiran.

Parabot eusi gĕdong, papaes[2] tembok araloes katjida, djeung kamar-kamar noe sakitoe galĕdena kabeh dikĕpoet koe alkĕtip karandĕl, estoe matak ngahoedang bĕtah ka noe ngeusian.

Boeroeanana lĕga, rata, dikeusik lĕmboet, kentjakatoehoeëunana gĕdong leutik diparabotan sadija baris sĕnang-sĕnang lĕlĕson, atawa tatamoe noe hajangeun sirna; katoehoeëunana goedang kareta, ditoemboe koe soehoenan pandjang ka toekang kentja-katoehoe, paragi boedjang-boedjang, koki, eusi dapoer, goedang soeloeh djeung sĕpen.

Di djĕro dapoerna aja bak leutik, loehoerna sasĕmĕt

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

tjagak, noe salawasna pinoeh koe tjai herang; djadi tara hese ngala deui, tjai datang koe maneh tina bak gĕde di toekang. Tĕroesanana ka hareupeun dapoer, aja deui bak leutik, loehoerna saroewa djeung noe di djĕro, make pantjoeran pamitjeunan tjai, ngagĕlĕnggĕng ninggang kana balong leutik; di dinja make golodog ditembok, paragi ngisikan djeung koekoembah wadah; laoekna patingkotjopok.

Djaba ti pakoewon noe sakitoe santosana, manehna boga deui toko opat galĕde, daganganana pĕpĕk, padagangna kabeh pada njatoe gadjih bae sarta toendoek, anoet, teu aja hidji anoe wani gasab, nadjan harga sapeser, tina kabeuli hatena, koe boedi manis djeung ditjoekoep; djadi sakoer noe digawe di dinja pada soeka, tĕngtrĕm, soenggoeh-soenggoeh ngadjoengdjoeng kana kamoeljaän doenoengan. Aja hidji kapalana noe poerah ngaroris djeung ngoeroes sagala pĕrkara oeroesan padanganganana, gadjihna oge saratoes ringgit. Ari soedagar tĕmah geus teu pipiloeĕun ngoeroes naon[2], estoe ngahĕnang-ngahĕning bae; bawaning koe tamba kĕsĕl, ngalantoeng ka tokona ngadon nendjokeun noe barangbeuli.

Dina hidji mangsa ki Soedagar noedjoe keur aja di toko, djol toekang dagang tjikopi mawa Walid asoep ka toko. Barang beh ki Soedagar katendjo, manehna hormat, toeloej sasalaman.

Ki Soedagar nanja:

„Ti mana maneh Samin, asa lila teu tembong[2]?"

„Soemoehoen aja bae di rorompok".

„Saha ijeu?" (bari sasalaman).

„Soemoehoen ijeu teh batoer ti rorompok bae, tatamoe wastana poen Walid".

„Tatamoe ti mana?"

Ari pondokna mah tĕbih, ti goenoeng. Pangdongkapna ka dijeu, awitna ngaboedjĕng pamanna, Doelah, namoeng ajeuna parantos teu aja di dijeu. Matak hawatos pisan, dongkopna teh wĕngi sarĕng poen biang-

na; ladjeng dirawatan koe abdi, dipondokkeun di rorompok".

„Aeh², soekoer atoeh!"

„Ènja Doelah mah geus pindah ka nagara Djawa".

„Soemoehoen timbalan, doepi ijeu teh ti rorompokna parantos ngadaměl pindah, emoetanana bade ladjěng matoeh di poen Doelah teja, rehna poen bapana maot, bade noetoerkeun paman".

„Ari geus kitoe ajeuna?"

„Nja eta noemawi kalintang ewědeunana, malah poen biangna mah wěngi tjeurik bae. Ari wangsoel deui, sanggěmna, parantos teu aja boedjěngeun. Ngan dibongbolongan bae koe abdi, manawi ladjěng ngilari padamělan di dijeu bae, soegan bisaëun toeloej oesaha".

„Ènja, hade kitoe bae, atoeh! Kana naon meureun?"

„Nja eta noemawi koe abdi dideuheuskeun ka gamparan teh, manawa-manawa di gamparan aja pidaměleun; da ijeu teh njërat kitoe-kitoe bae mah, loeloemajanan, tijasaeun".

„Ijeu, di dijeu mah koe geus loba djoeroetoelis teh". Njaoerna kitoe bari mělěng ka ki Walid, diteuteup děděg-aděgna, parangina, wět matak rěsěp; ampoeh, teu loba omong, kawas beunang dipërtjaja; pok dipariksa:

„Geus sabaraha oemoer?"

„Soemoehoen dalapan wělas tahoen".

„Koe saha diadjar noelis?"

Soemoehoen koe poen bapa bae djěnatna, nalika djoeměněng keneh, namoeng awon, estoe ngan oekoer bae oeni".

„Hih, hadena mah ěngke ari dipake".

„Lamoen aja noe rek make, sabaraha meureun menta bajaran?"

„Wo, ari abdi mah teu wërat nangtoskeun bajaran, sapërkawis teu aja katijasa, kapingkalih teu tërang di naon², aksara oge noe baris djadi modal, minangkana, awon; moeng oepami bae aja noe miwělas, soepados aja

keur tĕdana poen biang bae, ngan sakitoe noe dipakajakeun".

„Ari kitoe mah hade atoeh, di dijeu bae digawe, ngabantoean djoeroe toelis, dibere gĕnĕp ringgit saboelan; gampang ĕngke ari geus kanjahoan hade mah pagawean, meureun aja naekna".

Gantjangna djadi, ki Walid digawe di Soedagar. Harita toeloej maroelang. Ari isoekna, isoek-isoek geus aja di toko panoedoehan ki soedagar, tjampoer djeung djoeroetoelis noe geus lila. Ari indoengna dipangnjewakeun imah deukeut toekang waroeng tjikopi teja, sewaänana saringgit saboelan.

III.

Ki Walid ngeunah pikirna doemeh geus meunang pagawean, babakoena ngabantoe djoeroetoelis djeung toenggoe toko. Tina roemasa waloerat, manehna titip diri sangsang badan, katoeroeg-toeroeg boga bakat leuleus awak, naon bae parentah djoeroetoelis ditoeroet, soemawonna titahan soedagar mah. Koesabab kitoe batoer-batoerna rarĕsĕpeun ka manehna. Soedagar loetjoeĕun nendjo ki Walid, akoer djeung batoer. Watĕk djĕlĕma hade, roentoet raoet djeung babatoeran, sok deukeut rĕdjĕki, tara soesah koe sahoewapeun sakopeun, loba noe mere, tampolana sok radjeun bisa barangkirim kahakanan ka indoengna.

Kana pagawean toko, soemawonna bangsa toelis, njĕkĕl boekoe, nadjan harga barang tĕngĕt pisan, datangka dina djĕro saboelan meh timoe kabeh. Djoeroetoelis noe bakoe geus loba kasoendangna, ngasoepkeun kana boekoe gĕde, ngoeroes soerat-soerat tagihan, mĕtakeun boedjang, ngaladangan noe barangbeuli, kabeh geus beunang dipĕrtjaja. Ki soedagar kajtida soekaeunana nendjo Walid sakitoe tjĕngĕngna sarta rĕmĕn meunang poedjian.

Ari geus saboelan manehna meunang bajaran, toeloej diserenkeun kabeh ka indoengna, basana, ijeu keur da-

hareun ĕma kabeh, djeung sewa imah; koering mah aja bae sesa ĕma nĕda, hĕnteu bae, da di toko oge sok aja rĕdjĕki, keun bae.

Ĕmana ngalimba bawaning atoh dipakajakeun koe anak. Doewit noe limawĕlas teh ditjokot saringgit kana sewaän imah, noe lima ringgit deui keur dahareun saboelan; diïtoeng koe anakna, dina sapoëna mahi teu mahi koedoe tjoekoep koe opat kĕtip. Indoengna noeroet. Nja boeboehan soengoet awewe sahidji, toer geus kolot, teu sakoemaha, doewit opat kĕtip teh sok mindĕng njesa, djaba kahakanan ngagehan anakna. Saban-saban balik ki Walid, tara teu njampak kedjo hantjĕngan manehna.

Ari nĕpi deui kana waktoe gadjih, njerenkeun deui bajaran ka ĕmana. Tjeuk ĕmana: „Walid, itoe oge tatjan beak, njesa keneh tiloepoëeun deui mah".

Walon ki Walid: „Atoeh simpĕn bae, ma! Ijeu mah tjandak, keur dahareun ĕma boelan hareup, da koering teh estoe mangoësahakeun ĕma woengkoel, teu niat keur koering sorangan".

Koe ĕmana ditampanan; dina hatena moedji soekoer.

Katjaritakeun ki Walid beuki lila beuki kamanah, nĕpika ditaekkeun bajaranana, djadi dalapan ringgit saboelan. Manehna atoheun katjida sarta beuki sarĕgĕp bae digawena. Ari geus bajaran, diserenkeun deui bae kabeh ka indoengna bari soeka ati njarita jen ditambah gadjih, djadi dalapan ringgit. Indoengna katjida boengaheunana, toeloej doewitna dirawatan, bari nanja ka Walid: „Naha agoes moal make?" Djawabna: „Moal! keur ĕma bae kabeh; rek dianggo kabeh, rek disesakeun, koemaha ĕma".

Tĕgĕs djoenoen ngawoelakeun indoeng teh, datangka tjoel keur sorangan. Ari napsoe tjara noe sedjen mah, sapĕrti: hajang make hade, baranghakan ngeunah, tangtoe aja, tapi koe manehna ditahan; soemawonna kana borak-borak, geus sama sakali, tina njaäh ka indoeng, boga pangasilan sakijeu-sakijeu teh niatna keur indoeng bae

sarta didjaga pisan lampahna bisi aja noe teu panoedjoeëun indoengna, saoetak-saeutik teh ngalap idin heula.

Pĕta indoengna mĕtakeun doewit djeung djeudjeuhan pisan. Dina boelanan kahidji make njesa wĕlas-wĕlas kĕtip, djadi noe kapake ngan sawĕlas perak leuwih saeutik; dina boelanan kadoewa leuwih apik, njesana rada gĕde, toer sesa ti heula teu ditoël-toël. Koe tjobaän eta doewa boelan koe manehna ditĕtĕpkeun baris balandja sawĕlas perak satĕngah; mahi teu mahi dipastikeun sakitoe. Djadi saban² ngaloewarkeun teu sĕpi djeung diïtoeng sapoë-sapoëna, nja eta bisi kaleuwihan; oepama njesa sok diampihan. Tĕtĕp gĕmina kitoe, nadjan rĕdjĕkina nambahan. Ingĕtanana tina njaäh ka anak, beunangna hese-tjape ngala, hajang oelah dimonjah-monjah, anggoeranan hajang sing loba njesana, ditjeng-tjelengankeun eukeurna djaga.

Doemeh anakna ari sore, memeh sasarean, sok mindĕng njaritakeun kamoeljaän doenoenganana, kabeungharanana, gĕdongna sagala roepa, estoe pikabitaeun kabeh; sĕnangna, tara digawe, dihormatna koe djĕlĕma², menak² ge sok ngadaban. Njaritakeunana teh lĕlĕb pisan, kawantoe barang boekti djeung kabita. Eta moenggah ngalĕkĕtĕj hate indoengna bawaning njaäh ka anak; kasoerti jen kabitaeun katjida. Nja sok radjeun didjawab satĕngah dibongbolongan, kijeu:

„Eta mah oedjang, mimilikan, itoe soedagar sakitoe milikna, oerang sakijeu. Tapi dirasakeun koe ĕma, oerang oge geus pirang-pirang oentoeng, geura: hoetang teu boga, oedjang oesaha sĕnang, pira di toko, kaitoeng gawe lĕmboet, teu naktak-moendak, teu matak roedjad awak; pangasilan, tjatjak tatjan lila mah, teu woedoe, sakitoe mah, tjoekoep, malah make bisa ngampihan. Rasa ĕma oerang teh geus sĕnang. Tjoba noe sedjen, digawena beurat, sapoë-sapoë teh koedoe make loeoët-leët kesang bae; ari beubeunanganana saeutik, katoeroeg-toeroeg raweuj hoetang, salapoet hoeloe".

Anakna ngeunaheun hatena, ngadenge omongan, in-

doengna kitoe teh, teu njongsrong teuing. Tapi eta indoengna dina hatena mah, didjĕro, bangĕt ngarakatjak; hajang anakna bae noe moelja kitoe teh. Eta angĕn-angĕnna kitoe teu daekeun poho-poho; mindĕng dipake njileuk, datangka sok koerang heës, dadaharan teu pati ponjo, bawaning ingĕt ka noe dipikabita koe anakna. Kitoe deui anakna, ngan sakeudeung pisan sĕnang hatena teh; ari nendjo soedagar pĕlĕsir mah dina kareta, ditarik koe koeda Arab sapasang harideung, lĕnjap deui bae, kabita sarta mangĕn teu poho-poho.

IV.

Katjaritakeun geus meunang satahoen ki Walid digawena di toko, kana gawena beuki tabah bae, sarta gadjihna geus naek deui, djadi sapoeloeh ringgit. Kalakoeanana tĕtĕp sabareto keneh, sagala roepa koemaha indoeng, bajaranana diserenkeun kabeh. Hĕnteu aja pisan ingĕtan hajang njĕkĕl doewit koe maneh; sabab sapĕrkara njaho jen koe indoengna, saleuwihna kana dahar djeung anoe pĕrloe, sok ditjengtjelengankeun, djadi aja arĕp-arĕpeun baris pimodaleun; karana beuki njongsrong bae maksoedna hajang beunghar tjara doenoenganana teh, soegan djeung soegan ĕngke dimana geus aja modal rek diadjar dagang. Kadoewa pĕrkara koe indoengna sok dikanjahokeun pisan, oepama kanjahoan boga kaboetoeh, sok dipĕrloekeun. Kahajang ka noe saoetak-saeutik, noe teu pati pĕrloe, geus ditoemanan hĕnteu digoegoe, da nja eta, aja maksoed gĕde teja; estoe ĕnjaän hajangna teh, nĕpika kaimpi-impikeun.

Dina hidji mangsa indoengna gĕring pajah. Manehna doegdoeg-degdeg, sabisa-bisa ihtiar ngoebaran, ngala doekoen naon[2]. Tapi kawas geus dihin-pinasti, nĕpi ka djangdji poepoet adjal, teu beunang ditarekahan. Ki Walid geus tjeurik bae bari teu ngeunah tjitjing. Barang geus deukeut ka maot, njaloekan ka anakna; ari geus njampeurkeun, ngaharewos, pokna: „Ĕma meureun paeh.

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

Maneh sing bisa njaäh kana diri, djeung masing tjěngěng kana maksoed".

Ngan sěmět sakitoe omongna, teu lila toeloej maot. Ki walid katjida tjeurikna ditinggalkeun maot koe indoengna, mani sěsěgroek. Ti dinja djoel-djol tatanggana ngaralajad, soemawonna toekang waroeng mah, da geus tjara ka indoeng ěnja bae, tina kabageuranana, djeung ijeu ongkoh bisa titip diri sangsang badan, tina roemasa njělap teja. Sakoer noe datang pada mere ka ki Walid, warna-warna, aja noe satalen, noe gěněp baroe. Djoeraganana barang dioendjoekanan, maparinna panggědena, djaba waragadna, boweh, kapas djeung lian ti eta..

Sanggeus lělěr tjeurikna, toeloej oejoep-ajap, moeka pěti doewit teuteundeunan indoengna teja, beh aja toedjoeh poeloeh perak. Manehna kaget, hěnteu njana sakitoe lobana. Toeloej eta doewit dipake kana kapěrloean měrbait, sakadar noe pěrloena bae, da poegoeh kaoetara jen teu boga; anoe koedoe dikoelian, dikoelian, tapi lolobana noe toetoeloeng; dasar djělěma akoer, loba kawawoehna. Noe ngoeroes, minangka kokolotna toekang tjikopi teja.

Gantjangna ngoeboer majit geus beres, siděkah-siděkah anoe kabiasakeun didinja, dipětakeun, tapi sakadar hadjat bae, samahi-mahina doewit noe aja, teu make ogoän, poepoedjieun, oendjak-andjoek heula. Kitoe deui tjoel pisan ninggalkeun talari, hěnteu, da aja doewit titinggalna. Ki Walid teu karoöh hajang njesakeun, karana satadina oge geus keur indoengna; ajeuna maot, minangka dipake mahanan bae.

Sanggeus salse moelasara noe maot, manehna ngarasa sědih prihatin pisan, tina sakitoe njaähna ka indoeng, euweuh deui noe dibelakeun, ngan indoeng; beurangpeuting ngan eta noe dikawoelaän. Ari indoeng ngan sahidji-hidjina, djeung bageur, tara bahe tjarek, estoe matak nineung, manehna sěgroek bae tjeurik di imah, sorangan, keueung, nalangsa pisan.

Kadenge koe toekang tjikopi, toeloej disampeurkeun bari dinasehatan, oelah dipake tjeurik teuing, karana geus nĕpi kana waktoena, sarereja oge koedoe paeh; ngan heula djeung pandeuri.

Djawabna ki Walid, bari tjeurik:

„Eta koering mah kang, dipake tjeurik teh, ari ras koe loba sangsarana, ĕma teh. Kapoengkoer basa keur ka dijeu, leumpang sakitoe djaoehna, moenggah mopo, nja geuning nangis di boemi akang; tah koe loba nalangsa kitoe. Doeh! ĕma! Naha koering mana njĕri-njĕri teuing, koe teu koengsi ngamoeljakeun ka ĕma. Keur naon koering teh hiroep, ari teu djeung ĕma mah. Koering teh hajang boga, estoe hajang ĕnjaän, kabita koe noe beunghar; eta teh tjeuk angĕn[2] koering, eukeur ngamoeljakeun ĕma. Atoeh ĕma ninggalkeun mah, keur naon!"

Kitoe bae sasambatna.

Tjeuk toekang waroeng:

„Nja hade ĕnja andjeun ka toeang iboe".

Noehoen! Tapi tjoba dangoekeun geura!

Andjeun teh njaäh ka iboe sarta hajang ngamoeljakeun, eta aloes, memang kitoe koedoena anak ka indoeng. Tapi oelah salah larap.

Koe akang ti bareto ditilik lampah andjeun ka iboe, panoedjoe katjida. Mindĕng toeang iboe ge sasaoeran ka kakang, jen katarima katjida ngawoelaänana pok madjar ka andjeun. Asa dimoeljakeun katjida koe anak teh, saoerna. Da nadjan dikaretaän, digĕdongan oge, boa teuing teu hojongeun, tatjan poegoeh katarima; eta mah napsoe oerang bae. Ari ijeu geus tetela, jen katarima; noematak tjoekoep; djadi teu pĕrloe dipake njĕri, lĕbah dinja; djeung oepama dipake tjeurik, eta noengtoen paäralan, djadi tibalik, manan ngamoeljakeun, rasa akang sabalikna. Da lain kitoe ari njaäh ka kolot mah. Hidji koedoe ditoeroet papatahna, sarta koedoe ngalampahkeun[9] kahadean; kadoewa oelah ngarĕmpak tjĕgahanana djeung oelah ngalampahkeun kagorengan. La-

moen aja wasiat, boeroe-boeroe djalankeun. Koemaha hĕnteu aja wasiatna toeang iboe?

Walon ki Walid: „Hĕnteu aja, ngan nalika bade toeloej, aja saoerna ka koering ngaharewos, lahirna: „Maneh sing njaäh kana diri djeung sing tjĕngĕng kana maksoed".

„Tah eta, geuwat ti ajeuna lampahkeun. Ari tjeurik ingĕt ka noe geus kaliwat teja, njasat teu njaäh kana diri, sabab pikiran roeksak, panon sareukseuk oeroet tjimata bidjil, halis njarĕri djeung rada riĕut deui, ingĕtan teu bĕnĕr. Kana maksoed, boro-boro tjĕngĕng teja, meureunan poho-poho atjan. Manahan sing lĕnjĕp eta lahiran toeang iboe noe bijeu!"

Lila-lila dipikir koe ki Walid sarta dirasakeun kawas ènja saomongna toekang tjaneut teh; toeloej eureun tjeurikna bari mikiran maneh, wĕt ĕnja hĕnteu pĕrloe ngingĕt-ngingĕt noe baris nalangsa, teu poegoeh-poegoeh, kasorang deui moal eta noe geus kaliwat teh. Anggoersi mikiran mah tarekah pikahareupeun, njingkiran noe baris nalangsa kana hate, oelah sok ingĕt teuing ka noe geus euweuh.

Ti dinja heg manehna nganoehoenkeun ka toekang waroeng teh. Koe toekang waroeng, tina mĕlangeun, toeloej ki Walid dibawa ka imahna, disina ngendong di manehna, dibangbrangkeun dibawa njarita sagala roepa. Atoeh beuki sĕnang bae hatena. Ari geus peuting reup heës.

V.

Doewa poë manehna meunang pĕrmisi, teu koedoe ka toko. Katiloe poëna geus digawe deui, tapi toeloej oendjoekan bae ka soedagar, njoehoenkeun asoep-djĕro, hajang pindah ka boemi soedagar; hanas bajaran mah koemaha paparin bae, tjek rek hĕnteu bae, teu naon-naon; pokna, di imah oeroet indoengna teh teu kadoega, sok ingĕt ka indoeng bae. Ki soedagar ngidinan pindah ka

boemi andjeunna sarta dahar baris dipaparin; ari bajaran tětěp bae, itoeng-itoeng pangboeboengah soepaja gantjang lipoer, tina prihatin.

Sanggeus pindah manehna rada longsong meueusan, teu malaweung teuing, tina kabangbrangkeun koe loba gawe, karana sanadjan teu dipiwarang oge koe djoeraganana digawe, manehna mah sok digawe bae, karěpna koe-maneh, sagawe-gawe, roemasa djadi gandek.

Dina oesoem bajaran manehna nampa sapoeloeh ringgit, estoe weuteuh, hěnteu dipake naon-naon, da dahar dipaparin teja, toeloej eta doewit diampihan dihade-hade. Tapi tjeurik, ingět ka indoengna, loewang-loewangna gadjihna diserenkeun ka indoengna, ari harita hěnteu.

Di boemi soedagar teja minděng aja tatamoe noe ti nagara djaoeh. Ari sore ki Walid sok ngalalajanan, sadar-sodor leuěuteun atawa toewangeun. Djadi manehna sok minděng ngadenge semah njarita djeung doenoenganana; sagala roepa tjarita, bab dagang di tempat-tempat sedjen, bab lajar, bab kaoentoengan, karoegian djeung reja-reja deui.

Dina hidji mangsa aja tatamoe njaritakeun jen di Djawa hal dagang madjoe katjida. Ki Walid ras ingět ka pamanna, ki Doelah, noe keur tjari-oentoeng di tanah Djawa, djeung ingět hajang dagang teja. Koesabab kitoe djol aja pikiran hajang lajar ka tanah Djawa, ngan ongkosna, sewa kapal, ditanjakeun koe manehna, teuing koe mahal. Tapi nadjan mahal oge manehna boga oentoepan, rek koekoempoel bae, da gadjih ajeuna mah sok weuteuh.

Beuki lila hajangna lajar ka tanah Djawa beuki kějěng; lain ngan woengkoel hajang noetoerkeun pamanna teja bae, atawa niat njiar tjari-oentoeng, aja deui sabab noe bangět, nja eta hajang njingkiran oelah ingět teuing ka indoeng, da saban papanggih djeung toekang tjaneut, koedoe bae tjeurik, loba noe dipake kaingět. Soegan teu papanggih djeung noe baris djadi njoeat mah, pirakoe. Tina teu kawawana datangka sok njaba ka palaboean,

nananjakeun iraha sok aja kapal baris lajar ka poelo Djawa.

Barang geus meunang katĕrangan jen aja kapal noe baris lajar ka Djawa sarta manehna geus boga doewit tjoekoep satambanganeun, pek oendjoekan ka doenoenganana, ngawaktjakeun maksoedna. Mimitina mah njaritakeun kanjĕnjĕrian koe ditinggalkeun paeh koe indoeng, teu leungit-leungit, malah sok nĕpika koerang heës koerang njatoe. Ajeuna hajang narekahan, ngoebaran hate, nja eta rek nirtja ti dinja, saolah-olah ngadjaoehan noe sok njoeat ingĕt ka indoeng, sieun toeloej kagĕgĕringan. Geus kitoe narimakeun kana pangasihna soedagar, teu aja babandinganana lobana; manehna noe tadina sakitoe sangsarana datangka bisa hiroep, bisa njĕnangkeun indoeng, moelasara nĕpi ka maotna, eta lantaran ki soedagar bae; soemawonna ajeuna make djeung ditjoekoep dadaharan sagala, pirang-pirang nja tarima. Satĕngah tjeurik ngomongna teh koe tina katarimaän. Ditoengtoenganana koe amit, nĕda idin hajang lajar ka tanah Dajawa. Barang pok mah, teu meunang koe soedagar teh; manan dibikeun anggoer dinasehatan, oelah kaloewar ti manehna. Tapi lila-lila katendjo siga ĕnjaän pisan amitna teh, teu beunang dipondah, toeloej bae diïdinan.

Gantjangna geus aja kapalna noe baris ditoempangan, pek beberes meuli teket, nĕpoengan sobat-sobatna, amit-amitan ka kawawoehan-kawawoehanana. Dina djoengna loba noe ngadjadjapkeun ka palaboean. Sarereja pada sĕdih, nalangsa, kĕlar, rek papisah djeung ki Walid, toer sakitoe djaoehna, tatjan poegoeh pipapanggiheun deui.

VI.

Sahengna nagara rame, dajeuh Batawi, kotana antero tanah India Wetan, katjida, matak kaget noe kakara njaho. Goeroehna kareta api, kareta trem, pagaliwota djeung kahar-kahar balawiri taja lowongna. Djĕlĕma sa-

gala bangsa aja, bangsa Keling, bangsa Banggala, Tjina, Arab, geus poegoeh bangsa Djawa mah kawantoe priboemina. Sapandjang djalan-djalan noe sakitoe lalĕgana ti palaboean, kenjta-katoehoena pinoeh koe toko-toko tjina, njamboeng-njamboeng teu aja pĕgatna, djeung loba-loba bae noe barangbeuli, euweuh kĕndatna. Boehbeh gĕdong-gĕdong galĕde, laloehoer, toko-toko Walanda alagreng bararĕsih. Di saban-saban parapatan rame noe dagang sipat kahakanan, boeboewahan. Ari djalan sakitoe lobana, moenggah pabeulit, aja noe ngahapit waloengan gĕde, Tjiliwoeng, lĕbah dinja sisina wahangan ditembok. Kabeh djalan rame.

Ti djalan noe ti palaboean katembong masigitna oerang Arab di kampoeng Pakodjan; didinja ngoempoel oerang Arab woengkoel, ari kasabna dagang, aja noe ngidĕr, aja noe moeka toko. Saban-saban oesoem sambejang, ka marasigit, ari ĕnggeus riab deui sakasabnasakasabna, kadjaba sok radjeun aja boedak boedjang noe toenggoe masigit, poerah ngabĕrĕsihanana djeung sasapoena.

Dina hidji mangsa di masigit boebar mĕntas salat, aja hidji djĕlĕma teu wawoeh kadoewa boentĕlan, ninggalkeun maneh; tĕrang pisan djĕlĕma anjar, toeloej njampeurkeun ka noe poerah ngadjaga teh, pek sasalaman, bari nanjakeun kokolotna di dinja. Koe noe ditanja ditoedoehkeun imahna, teu djaoeh ti masigit, toeloej manehna ka dinja, kabĕnĕran njampak aja.

Noe boga imah kageteun nendjo noe kakara papanggih harita, djeung kawas ngadjoegdjoeg ka manehna. Sanggeus sasalaman sarta semah geus dioek mĕrĕnah, pek ditanja, noe ti mana, saha ngaran djeung ditanja soerat katĕrangan. Gantjangna waktja jen kakara datang ti kapal; ari ngaran Walid, noe rek diboeroe paman, ngaran Doelah, malah naros soegan tingali di mana ajana.

Priboemi ngahoelĕng, mikiran noe ngaran kitoe, wĕleh teu aja. Ditanjakeun ka batoerna noe aja didinja, eta oge teu njahoëun; omongna: „Di dijeu mah teu aja

noe ngaran kitoe; pantĕs moen di Tjirĕbon atawa di Soĕrabaja; atawa di dijeu oge pantĕs, bareto, ajeuna soegan geus maot, salah sahidji bae eta mah.

Ki Walid ngahĕroek, doemeh paman teja teu aja, soesah nja pingandjrĕkeun.

Koe priboemi katendjo rioekna semah, toeloej dibawa njarita:

„Djeung saha batoer ti ditoe?"

„Soemoehoen sakijeu bae; teu aja batoer, teu aja kagadoeh, moeng kadoewa boentĕlan, rehna waloerat".

„Ajeuna koemaha nja pimanaheun?"

„Nja eta noemawi dianggo ewĕd teh, reh awitna noe bade diboedjĕng, poen paman, tina teu ajana, doeka, koering teh teu atjan kantĕnan, sakijeu malangmang-moeloengmoengna mah, teu aja katĕrang. Moeng manawi idin mah, njoehoenkeun mondok di masigit bae".

„Teu naon-naon, heg bae".

Gantjangna ki Walid sasareanana di masigit, galatakgeletek bae djeung boentĕlan, ari dadaharanana mah sok pada mere bae; manehna ngawawoeh-wawoehkeun maneh ka sakoer noe sok papanggih di masigit.

Sanggeus loba kawawoehna sok mindĕng miloe tjampoer djeung noe njararita bab dagang, noe njaritakeun oentoeng, noe roegi, roepa-roepa. Manehna katjida koemĕrotna hajang dagang, tapi teu boga modalna. Tjeuk batoerna: „Naha moen njokot bae doewit ti pakoempoelan, ngindjeum keur modal. Ongkoh sakabeh oerang Arab di dijeu njieun koempoelan doewit ti sarereja, ditjĕkĕl koe kokolotna, nja eta keur ngadjaga bisi aja oerang Arab noe pĕrloe ditoeloeng".

Djawabna ki Walid: „Ari ngindjeum modal mah da poegoeh djĕlĕma anjar, bisi teu dipĕtjaja. Anggoersi koering mah soegan aja noe boetoeheun koe djoeroetoelis bae, di toko, hajang gadoeh pagawean bae heula keur nitipkeun soengoet.

Tjeuk batoerna: „Hade koe kaoela ditoeloeng, rek ditjaritakeun ka noe boga toko".

Heuleut doea poë ti harita ki Walid geus djadi djoeroetoelis di toko oerang Arab, meunang gadjih tjoekoep sakaliëun dadaharan sorangan. Tapi tina geus ngarasa sakitoe boetoehna koe doewit, sarta sangsara katjida teu boga doewit teh, nëpika dadaharan ge moen euweuh noe mere mah loepoet, djadi manehna pëlit katjida kana doewit; oepama aja noe mere mah dadaharan, doewitna teu dipake. Ari noe ngadjak dahar teja, kawantoe djëlëma loba noe mihade, loba noe rësëpeun, lantaran lade pasëmon, handap asor, teu pikangewaeun batoer, mani meh oenggal poë. Matoehna masih keneh di masigit bae. Koesabab kitoe manehna bisa njengtjelengankeun, saboelan-saboelan teh bajaranana koedoe bae njesa, aja doewa ringgit.

Adat bageur tjëpët kana gawe geus ti bareto, ajeuna ge kitoe bae, taja tjarekeunana. Atoeh djol-djol kamanah bae koe djoeraganana.

Geus meunang aja antara lilana, ki Walid babalagondjangan ka doenoenganana, soegan meunang noempangkeun barang, miloe dagang di tokona; modalna rek ngindjeum kana doewit koempoelan. Koe doenoenganana kaidinan. Pek ngindjeum, dibere doewa poeloeh perak, toeloej dibeulikeun kana barang noe kataksir pigantjangeun pajoena. Ditembongkeun heula ka noe boga toko, soepaja kanjahoän tërang, oelah kaliroe djeung barang toko asal sarta disaksikeun ka batoerna noe digawe di toko. Estoe dagang panganggoeran bae, bari noenggoean toko doenoenganana.

Doemadak pajoe daganganana teh, teu woedoe gëde batina; pek dibeulikeun deui kana barang, kabënëran raris deui bae; atoeh batina diampihan, modalna digolangkeun deui, malah digëdean, ditambahan koe doewitna. Kitoe bae dagangna, nëpi ka didjëro sataoen manehna moelangkeun modal beunang ngindjeum teja noe doewa poeloeh roepia, djeung boga moeklis saratoes roepia.

Eta doewit noe saratoes perak koe manehna dibawa

ka noe boga toko, diserenkeun, pokna: „Ijeu kaoela boga doewit saratoes roepia, manawi dipaparin, hajang njokot barang dagangan sareboeëun, arek dagang, dipandjër koe ijeu saratoes perak, noe salapan ratoes deui dipindring saboelan saratoes, dina salapan boelan loenas.

Tina toewan toko geus nendjo lampahna ki Walid tara aja serõngna, djol-djol dipërtjaja bae, dibere barang harga sareboeëun. Harita mimiti misah, njewa toko koe maneh. Tina pagaweanana eureun, karana hajang tonggoj dagang.

Dasar djëlëma tjëngëng pikiran, taksiranana djadi-djadi bae, beunangna milih barang noe didagangkeun kabeh teu gagal; doemadak noe balandja ngimpoeng-ngimpoeng bae. Atoeh sënang pisan njotjogan noe saratoes-saratoes saboelan teh, djaba balandja kontan, keur nambahan daganganana. Beuki tambah daganana beuki rarësëpeun djëlëma barangbeuli ka manehna, beuki gëde kaoentoenganana. Sanggeus djëdjëg salapan boelan, ka noe ditjokotan barang loenas; barang noe di tokona ajeuna geus noe manehna kabeh, teu kasëlapan beunang ngandjoek.

Geus teu aja papadana boengahna, boga rasa moeklis barangna sorangan, teu soemoreang siëun aja noe nagih, soemawonna ngadawa.

Doemeh kadjoeroeng koe boengah hate, sapoë-sapoë rësëp ngaladangan noe barangbeuli sakitoe meuweuhna, teu aja towongna, riboetna teh djeung soeka ati; pikiran tambah mentjrang, njaring; timbangan-timbangan djëdjëm; sakoemaha tjop hatena meh tara njalahan. Soresore ngalantoeng ka palaboean, djol noe mawa hoë opat parahoe; panganggoeran ditanjakeun hargana, djawabna noe opat parahoe teh lima poeloeh perak. Ditaksir koe manehna moen dibeuli teh piajaeun oge batina, howena harade. Gantjang ditawar, djadi opat poeloeh perak; pek dihandjatkeun, baris dibajar isoekna, djadi koedoe ditoenggoean keneh koe noe mawa. Harita manehna toeloej

moelang. Di djalan gok djeung kawawoehanana, hidji toewan toko, toeloej tjatjarita jen boga dagangan hoë, araloes, ajana di palaboean keneh. Eta toewan hajangeun ngilikan; toeloej balik deui ka palaboean. Ari geus diïlikan ditawar sawidak perak. Koe ki Walid ditahan, nëpi ka poendjoel lima perak; heg dibikeun, gotjrak dibajar harita. Atoeh teu koengsi noenggoe ka isoek, sore eta keneh oge dibajar ka 'noe mawa, doewitna pamajar ti toean teja. Djadi dina djamdjaman bae bisa kaoentoengan doewa poeloeh lima perak, toer samemeh kamodalan.

Tah matjëm kitoe lain sakali doewa kali bae, toer bangsa ratoes, malah reboe. Watëk djëlëma ngesto djeung heman ka indoeng, sagala teh ngan kabënëran djeung kabënëran bae. Teu tjara noe goreng ka kolot, sagala-gala teh ngan teu koe hanteu bae, netje sëmplek nintjak sëmplak, ngeumbing porot; noe modal gëde oge sok djadi moedëdës. Ki Walid mah beunang disëboet gandjaran ngamoeljakeun ka indoeng.

Ari ti peuting sanggeus salse oeroes-oeroes boekoe, doewit geus diperenan, manehna mikir, naon deui djalan baris ka oentoengan.

Tina tara loewang sore dipikir, nja boeh-beh manggih, ari isoekna prak dipëtakeun, eta kadjadian-kadjadian bäe.

Doemeh ki Walid loba tjampoeran teja djeung roeparoepa bangsa, sok mindëng ngadenge noe njarita jen di Europa atawa di Amerika ramena nagara-nagara teh lipët-lipët ti Batawi. Dina njileuk memeh heës manehna ras ingët kana eta tjarita. Djol deui ingët jen Batawi teh dajeuhna ti antero kapoeloan India wetan, djadi matak naon moen Batawi ramena nambahan, oerang koelitpoetih beuki loba, sagala bangsa ge meureun nja kitoe, toko-toko gëdong-gëdong tangtoe ngalobaän. Moal salah tanah-tanah pihargaëunana.

Geus kitoe manehna ngoredjat hoedang, gek kana

korsi, tĕng mikir, djalan-djalan sa Batawi, dioebĕk koe hatena. Roepa-roepa tjileukan hatena, nĕpi ka peuting nakĕr teu hajangeun heës.

Isoekna toko dipĕrtjajakeun ka batoerna noe bakoe digawe di tokona, bral manehna indit ngilikan tĕmpat-tĕmpat noe kapapaj koe hatena waktoe njileuk teja sarta ditimbang hidji-hidji djalan noe baris pirameëun djeung noe hĕnteu. Di noe katimbang pirameëun, lahan noe adĕk ka djalan toeloej diotjal-otjal ditawar; barang geus katĕpi hargana, pek dibeuli, kadjeun rada mahal meuëusan.

Geus kitoe di dinja pek didjieunan gĕdong aloes; tjontona kawantoe di nagara gĕde, loba toeroetaneun, teu kitoe ge da loba insinjoer noe palintĕr kana wawangoenan, asal daek majar ongkos bae, model noe aloes tangtoe dipangnjieunkeun gambarna.

Meuli lahan djeung njieun gĕdong, oelah gampang ongkosna, kakarek boga toko adjen-adjen doewa reboeëun bae mah geus moal bisa bae. Koesabab kitoe ki Walid koedoe ngakal doewit, da ngandĕlkeun ti toko mah bisi matak potol; nja ngindjeum ka bang. Tapi geus ditimbang pimajareunana, koe kaoentoengan tina tokona.

Teu koengsi doewa boelan, tina diajĕg koe doewit, gĕdongna anggeus; katiloe boelanna geus djol hidji toewan noe menta njewa di dinja; gantjangna djadi, sewaänana saratoes perak. Dina kaopat boelanna mah noe dipake majar mindring kana bang teh tina sewaän gĕdong teja bae.

Pangasilan toko weuteuh, gĕdong aloes boga, modalna katoengtoet kabajaran. Ti samemeh loenas oge geus teu ringrang siëun disita, da saban boelan dibajar sakoemaha pĕrdjangdjian. Sapandjang disewa mah ngotjor bae.

Geus beuki kaoetara bae ki Walid di Batawina; tokona ngagĕdean, katambah boga gĕdong sewa, ka bang tara tjidra, djadi oepama ngindjeum deui teh sakoemaha bae meunang. Tapi ki Walid ĕnja-ĕnjana teu rĕsĕp

boga hoetang, nadjan pada nawaran oge gebeg bae; eta oge bawaning kapeped bae, bangĕt kapĕrloean, di manehna tatjan sadia.

Ti dinja neangan deui tanah noe deukeut ka djalan tjara eta, pek dibeuli didjieunan deui gĕdong. Eta kitoe bae, nĕpika pirang-pirang gĕdong sewana, sarta marahal bae, djaba imah-imah laleutik noe baris sewa leuleutikan.

Tjileukan baheula kabita koe doenoenganana teja, ajeuna kasorang, boga gĕdong aloes, toer ijeu mah loba, parabot imah sadia, matak pikabitaeun kabeh. Ari sore gĕgĕrĕdĕgan dina kareta, eta katĕpi. Geus taja kagalideur, beunghar loba tokona, loba gĕdongna, geus poegoeh doewitna, sagala salieuk beh, kaoentoengan ngentja ngatoehoe. Moelja loba noe ngahormat, para nangkoda pada toendoek, koe gĕgĕden diadjenan, dina rijoengan koe menak-menak kaăkoe, moelja kadjoeroeng koe banda.

Ari dipikir ĕnja-ĕnja mah koe oerang, estoe matak era, ki Walid teh bangsa Arab, noe toemamoe pisan waktoena datang teu bisaeun ngomong oerang dijeu, kabisana basa Arab woengkoel, tapi naha bisa ngala kaoentoengan sakitoe lobana, eta teh lolobana ti bangsa priboemi. Naha ari bangsa oerang noe sakitoe bisa ngomong basa oerang dijeu, da manoekna, wĕt eleh koe noe teu bisa ngomong teja. Di dijeu mah noe bisa tjarioentoeng teh ngan bangsa Arab bae, bangsa Tjina, bangsa Walanda, bangsa Hindoe; ari priboemi mah ngan kaelehkeun bae, kaelehkeun; padahal bĕnĕrna bangsa oerang noe koedoe leuwih bisa batan bangsa sedjen; oerang mah ngomongna bisa, rek ngomong manis, ngareureuĕus barang dagangan tangtoe leuwih beres.

Naon sababna noematak kaelehkeun?

Eta eleh tjĕngĕng maksoed, eleh pĕlit kana doewit. Manan pĕrĕtjit anggoer mitjeunan; eta mah bisa kawantoe diadjar ti boeboedak, samemeh ingĕt bĕnĕr oge geus diadjar kana mitjeunan doewit mah, kana djadjan;

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

noematak toetoer nëpi ka kolot, leuwih bisa mitjeunan manan ngala.

Noe kitoe beunang disëboet kolotna salah noetoeranana ti keur boedak. Sagala kahajangna noe make doewit, rasa maneh aja djeung ngan watës sen-senan, sok ditoeroet bae; padahal noematak bahla teh nja eta noe make rasa maneh teja djeung boga rasa moekaha; përkara saeutik noe sok djadi gëde teh.

Ari tjatoer ka anak njaäh, tapi njaähna njaäh doelang, lamo seubeuheun beuteungna bae, teu dipikir noe baris mangpaät mah atawa noe baris ngaroeksak. Ari mëtakeun njaäh ka boedak teh ngan sina oelah tjeurik bae, keur gëring ge kadjeun teuing teu dioebaran, sok moen oelah tjeurik.

Tjeurik saeutik geuwat dioepahan koe doewit; ngarah repeh geuwat diadjak meuli kahakanan. Tah eta noe noengtoen mitjeunan doewit teh.

Matak naon moen boedak tjeurik teh dioepahanana koe lian ti doewit? Ëntong koe meuli kahakanan!

Tjoba lamoen didjaga oelah sina njaho kana doewit, ëntong sina djadjan; sapërkara kahakanan ti noe dagang kitoe mah teu aloes keur boedak; malah sawareh mah goreng pisan; kadoewa përkara baranghakanna teu poegoeh oeroesanana, da noe hade mah koedoe anggër waktoena; moen isoek-isoek, tëngah poë koedoe tangtoe, dina djam eta bae salawasna; dina lolongkrangna koedoe sina reureuh soengoetna teh, oelah diasoepan naon-naon.

Di mana geus sakola, bisa noelis saeutik-eutikeun, hade dibere doewit minggoean, dina saminggoe sakëtip; tapi lain keur djadjan, nja eta keur meuli parabot diadjar sakoer noe përloe, sapërti patlot, kalam, këртas sarta sakoer noe dibeuli koedoe ditoeliskeun, boektikeun koe kolotna, moen aja sesana koedoe diteundeun.

Lamoen oenggal noe boga anak kitoe, bisa oge boedakna toeman kana ngoeroes rëdjëkina sorangan, djagana moal pinanggih djeung kakoerangan.

Oelah ari keur boedak diwowoj, ari geus gëde dipa-

PERPUSTAKAAN NASIONAL PNRI

patahan; eta salah, moal teurak; kana mitjeunan doewit geus ngalĕmah, geus djadi kasakit manten; kasoekaän noe make doewit geus ngarasa ngeunahna, rĕsĕpna; atoeh papatah koemaha-koemaha oge ledot-ledot bae, tjara t j a i d i n a d a o e n t a l e u s. Nadjan dibĕngisan kalah maling-maling, antoekna ngaroeksak banda kolot. Mapan boekti loba noe antjroed-antjroedan, di djĕro kolotna aja keneh. Ari tjeuk bapana madjarkeun boedak teu beunang dioeroes, satĕmĕnna mah lain boedak teu beunang dioeroes, kolotna salah noemanananana, salah maladjaranana.

B. SOENDANEESCH.

Boekoe[3] noe di handap ijeu meunang meuli ti Depot van Leermiddelen di Batavia, franco di post, tapi doewitna koedoe dikirimkeun ti heula make postwissel.

Moehamad Moesa. Tjarita Abdoelrahman djeung Abdoelrachim (aksara Soenda) (in herdruk)				
Idem	(Hollandsch karakter)			f 0,15
Idem	Wawatjan Pandji Woeloeng (Hollandsch karakter)			„ 0,21
Idem	Idem	(aksara Soenda)		„ 0.50
Idem	Wawatjan tjarijos Alimoehtar			„ 0,15
Linggang Kantjana. Warna Sari atawa roepa-roepa dongeng III				„ 0,16
Moehamad Oemar. Wawatjan katrangan mijara lacek tjai				„ 0,13
Idem	Idem			„ 0,07
Prawira Koesoemah. Wawatjan dongeng-dongeng toeladan				„ 0,25
Karta Winata.	Mitra noe tani	I (ter perse)		
Idem	Idem	II		„ 0,62*
Idem	Idem	III		„ 0,25
Idem	Idem	IV		„ 0,22*
Idem	Idem	V		„ 0,44
Idem	Idem	VI		„ 0,46
Idem	Idem	VII		„ 0,54
Mitra noe tani		VIII		„ 0,20
Idem		IX		„ 0,06
Idem		X		„ 0,10
Idem		XI		„ 0,15
Idem		XII		„ 0,17
Wawatjan piwoelang panoelak penjakit kolera. (hoeroef Arab)				„ 0,06
Mitra noe tani		XIII		„ 0,17
Idem		XIV		„ 0,30
Idem		XV (ter perse)		
Idem		XV*a*		„ 0,06
Idem		XV*b*		„ 0,08
Idem		XV*c*		„ 0,08
Idem		XV*d*		„ 0,10
Wawatjan piwoelang panoelak penjakit kolera. (Hollandsch karakter)				„ 0,04
Ardiwinata. Piwoelang ka noe tani 1e st.				„ 0,20
Idem	Idem	2e st.		„ 0,20

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Mas Nitiwisastra. Wawatjan Bispoeradja ..... / 0,15
R. H. Soema di pradja. Piwoelang tatanen ..... „ 0,15
Mangoen di Karia. Gĕnĕp belas tjarita ..... „ 0,16
Ardiwinata. Dongeng' Soenda I ..... „ 0,18
Idem Idem II ..... „ 0,19
Mas Natawisastra. 100 Paribasa I ..... „ 0,22
Idem Idem II ..... „ 0,20
C. M Pleyte. Pariboga (Salawe dongeng' Soenda) ter perse.
Mas Partadiredja. Tjarita roepa' „ „
Wawatjan Mohammad Kaja „ „

Tgl. Kembali
9/11-72.

PNRI 6p

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI bp Balai Pustaka

KEUR VAN VERHALEN IN HET SOENDANEESCH

DOOR

M. PARTADIREDJA,

ONDERWIJZER IN DE SOENDANEESCHE TAAL A/D OPLEIDINGSSCHOOL VOOR INLANDSCHE AMBTENAREN TE BANDOENG.

DEEL II.

BATAVIA
LANDSDRUKKERIJ
1911.